



Pou Piblikasyon Imedya: 21/12/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANON SE OGMANTASYON SALÈ MINIMÒM POU NOUYÒKÈ  
NAN REJYON NÒ ETA YO**

***Salè minimòm yo pral ogmant 31***

***Vizite [sit wèb Salè Minimòm](#) Depatman Travay Eta New York la pou plis enfòmasyon***

Gouvènè Kathy Hochul jodi a anonse Eta New York pral kontinye ak entwodiksyon pwogresif salè minimòm 15.00 dola pa èdtan pou konte yo nan nò eta a nan dat 31 desanm 2022. Travayè ki andeyò Vil New York, Long Island, ak Konte Westchester pral wè yon ogmante 1.00 pa èdtan, soti nan 13.20 dola rive 14.20 dola, apre yon analiz ekonomik legalman obligatwa ki fèt pa Divizyon Bidjè Eta New York la. Anplis de sa, [Salè minimòm pou èd swen nan kay la](#), ki te antre an vigè nan dat 1e oktòb 2022, pral ogmante a 1.00 dola a 16.20 dola pa èdtan nan konte ki nan nò Eta New York yo.

"Ak enflasyon ak yon mank mendèv nasyonal ki afekte ekonomi eta nou an, ekip mwen an ap fè tout sa ki posib pou mete lajan nan pòch Nouyòkè yo epi adrese ogmantasyon pri lavi a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Salè ki jis, konpetitif esansyèl pou ede fanmi yo pwospere ak atire pi gwo talan yo nan eta nou an, epi administrasyon nou an rete angaje pou sèvi ak tout zouti ki disponib pou fè ekonomi New York la avanse."

**Komisè Depatman Travay Eta New York la, Roberta Reardon, te deklare,** "Lè nou ogmante salè minimòm lan, n ap ede soutni vwazen nou yo atravè Eta New York. Avansman ogmantasyon plizyè ane yo te ede biznis yo adapte yo ak chanjman konstan yo pandan y ap bay travayè ki gen salè ba yo kapasite pou yo pi byen sipòte tèt yo ak fanmi yo."

Komisè Roberta Reardon te pibliye yon Dekrè ki mande pou ogmante to salè minimòm nan nan konte andeyò Vil New York, Long Island, ak Westchester yo apre yon [analiz ekonomik](#) legalman obligatwa Divizyon Bidjè Eta New York la te fè.

**Direktè Bidjè Eta New York la, Robert F. Mujica Jr., te deklare,** "Divizyon Bidjè a fyè pou l sipòte deplwaye sa a ak analiz reflechi ak pridan pou gide pi bon rezilta pou

Nouyòkè yo. Divizyon an pral kontinye kontwole ekonomi Eta a ak mache travay la epi evalye efè ogmantasyon sa yo nan mwa ak ane k ap vini yo."

Yo prevwa ke 200,000 Nouyòkè nan [konte nò eta](#) sa yo pral benefisye ogmantasyon salè sa a, 44% ladan yo se travayè aplentan e ladan yo, gen prèske 25% ap sipòte timoun ki poko gen 18 an. Anplis de sa, ogmantasyon sa a pral ede fèmèn diferans nan salè sèks yo, sa k ap bay yon estimason 110,000 fanm pi gwo estabilite finansye.

Ogmantasyon salè minimòm Eta New York la kalkile dapre kote yon moun ap travay ak endistri pa yo. Travayè nan Vil New York, Long Island, ak Westchester County kounye a fè 15.00 pa èdtan nan salè minimòm. Ogmantasyon yo pou rès eta a baze sou ogmantasyon pousantaj ki detèmine pa Direktè Divizyon Bidjè a an konsiltasyon ak Depatman Travay la apre yon revizyon anyèl ekonomi eta a ak mache travay la.

Pou aprann plis sou salè minimòm pou èd swen adomidil la, li [Fich Enfòmasyon](#) pou Asistan Swen Adomisil yo.

Travayè ki pa resevwa sa yo gen dwa ak li dapre nouvo lwa salè minimòm Eta New York yo, ta dwe rapòte sa bay Divizyon Estanda Travay NYSDOL la lè yo rele 1-888-4-NYSDOL (1-888-469-7365).

Pou ede enfòme biznis ak anplwaye yo sou Salè Minimòm lan, Depatman Travay Eta New York gen plizyè resous ki disponib sou [sit wèb](#) li a, ki enkli zouti [Konsiltasyon sou Salè Minimòm nan \(Minimum Wage Lookup\)](#) lan.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)